

SS.7.C.2.5

Distenge ki jan Konstitisyon an prezève e limite dwa endividyèl yo.

SS.7.C.2.5 Benchmark Clarification 4: Elèv yo ap egzaminen wòl branch jidisyè a nan gouvènman an pou pwoteje dwa endividyèl yo.

Branch jidisyè a jwe yon wòl enpòtan nan fason gouvènman an pwoteje **dwa endividyèl yo**. Ekriven Konstitisyon Etazini an te fè yon sistèm **jidisyè endependan** kote branch jidisyè a ta gen libète li de pouwva egzekitif la ak branch lejislatif la. Konstitisyon Etazini an garanti ke jij ta ka travay "pandan yo mennen bon konpòtman" e yo ta dwe pwoteje yo kont nenpòt diminisyon nan salè yo. Tou de nan karakteristik sa yo anpeche de lòt branch yo retire jij yo oswa diminye salè yo, si yo pa renmen opinyon (desizyon) yon jij sou yon ka. Sa a bay branch jidisyè a libète pou pran desizyon ki baze sou lalwa e ki pa baze sou presyon lòt de branch yo.

Ekriven Konstitisyon Etazini an te vle kreye yon gouvènman federal ki te efikas ak pwisan, men youn ki pa tap mete anba pye dwa endividyèl yo. Nan Atik 1, Seksyon 9 nan Konstitisyon Etazini an, te gen de enpòtan dwa endividyèl ki te pwoteje, oswa prezève:

Premye a, nan deklarasyon sa a:

"Privilèj eksplwa Habeas Corpus pa dwe sispann, sof si selè nan Ka nan Rebelyon oswa Envazyon Sekirite publik la, ka mande pou sa."

Habeas corpus se yon dwa endividyèl ki enpòtan. Deklarasyon nan Atik I sa a, Seksyon 9 la vle di ke gouvènman an dwe pwouve yon tribunal pou kisa li kenbe yon moun nan prizon. Si gouvènman an pa ka montre poukisa li kenbe yon moun nan prizon, yo dwe libere moun sa a.

Dezyèm lan, nan deklarasyon sa a:

"Pa gen ... lwa ex post facto ki ta dwe pase."

Yon **lwa ex post facto** se youn ki fè yon zak vin yon krim aprè l fin fèt.

Pwosesis dapèl nan sistèm tribunal federal la ak eta a tap pwoteje dwa endividyèl yo tou. Pwosesis dapèl la pèmèt sitwayen fè apèl kont yon desizyon nan yon ti tribunal a yon gran tribunal pou asire ke tout bagay nan pwose a te byen fèt.

Lè yo asire ke dwa endividyèl yo tap pwoteje, Fondatè yo te kreye yon sistèm kote pouwva gouvènman federal la tap limite. Branch jidisyè te entèprete Konstitisyon Etazini an epi li etabli **presedan** sou ki lè ak ki jan dwa endividyèl yo te prezève ak limite.

branch jidisyè – branch gouvènman an ki entèprete lwa yo ke branch lejislatif la te fè

dwa endividyèl – Dwa ki garanti e ki pou yon moun

habeas corpus – prensip ke gouvènman an dwe bay yon kòz oswa yon rezon ki fè yo kenbe yon moun nan prizon

Lwa ex post facto – yon lwa ki te fè yon zak vin yon krim aprè l fin fèt

presedan – desizyon yon tribunal nan yon ka avan ak reyalite e pwoblèm legal sanblab a ka sa yo ki devan yon tribunal kounyè a

Pwosesis dapèl – yon pwosesis pou mande yon gran tribunal pou deside si yon jijman byen fèt

sistèm jidisyè endependan – prensip ke desizyon nan tribunal yo jis ak san patipri ak yo pa enfliyanse pa lòt branch yo nan gouvènman an